

Bèt sèvis yo akeyi sou transpò piblik.



Yon bèt sèvis se yon bèt ki fè yon travay espesifik oswa yon seri travay pou ede yon moun ki gen yon andikap. Lwa federal, leta ak lokal egzije ke tout enstalasyon, bis, tren, ak ferye Otorite Transpò Vil Nouyòk (NYCTA) ki ouvè pou piblik la, pèmèt Bèt Sèvis yo akonpaye moun ki gen andikap nan tout zòn kote piblik la nòmalman gen dwa ale.

Operatè otobis NYCTA yo ka sèlman poze de kesyon:

- Èske sa a se yon Bèt Sèvis?
- Ki travay oswa ki responsablite Bèt Sèvis la fè?

Operatè Otobis NYCTA pa ka mande:

- Anyen sou yon andikap yon moun
- Dokiman medikal
- Dokiman fòmasyon oswa yon kat espesyal pou chen an
- Yon Demonstrasyon sou travay chen an fè

Konsèy pou sonje:

- Bèt Sèvis yo pa bèt kay. Pa jwe ak yo oubyen touche yo tankou yon bèt kay.
- Bèt Sèvis yo pa oblije mete jakèt oswa jilè ki idantifye yo kòm bèt sèvis.
- Bèt Sèvis yo pa oblije gen kat idantifikasyon oswa lòt dokiman.

Nan tout sikonstans, anplwaye yo dwe ofri moun ki gen andikap diferan opòtinite pou jwenn aksè nan enstalasyon NYCTA yo, bis, tren ak bato pasaje yo ak bèt la prezan.

Refize Aksè?

Ou gen dwa pou depoze yon plent lè w rele 311 epi mande pou yo konekte w avèk Komisyon Dwa Moun NYC la.